



Non \_\_\_\_\_ Dat ou fèt \_\_\_\_\_

### KONSANTMAN POU FÈ TÈS KÈ

Anvan m al fè tès sa a, mwen te gen yon ti koze avèk doktè m, pou li te konnen si m pa genyen okenn problèm ki ta ka anpeche tès sa a fèt.

1. Doktè m lan, \_\_\_\_\_, te voye m fè tès la. Li te di m ke se yon tès yo fè ase souvan pou wè si pa gen maladi nan san mwen, epitou pou yo konnen ki jan tretman an ap mache.
2. Pandan ke y ap fè tès sa a, kèk chanjman ka parèt nan kòm : batman kè lant ou byen rapid, palpitasyon, tansyon, souf kout, kriz kadyak e pafwa lanmò. Y ap fè tout efò yo kapap pou konsekans sa yo pa twò grav, nan byen egzamine malad la e nan byen obsève l pandan tès la. Yon teknisyen antrene ap toujou la pou fè fas ak nempòt ki sitiyasyon dijans. Doktè a te di m pa gen anpil chans konplikasyon e y ap jwenn yon bon dyagnostik.
3. Mwen konprann ke m pral mache sou yon planche k ap deplase avèk motè. Tout lè sa a, yon doktè ak teknisyen li ap veve sou mwen. Y ap fè m fè efò pou kè m bat pi vit, jiskaske m rive nan limit yo vle m rive a. Y ap kontwole m avan tès la, pandan tès la, epi apre tès la. Kontwòl sa a genyen ladan l batman kè, tansyon ak elektwokadyogram. Yo kab kanpe egzèsis la si doktè a kwè tès la fini, si li kwè mwen pa byen reyaji nan tès la, ousinon mwen pa ka kontinye ankò.
4. Mwen konprann ke doktè a kapab ban mwen yon remèd ki ka radyoaktiv pandan tès la.
5. Mwen dakò ke yo kapab pran tout mwayen posib pou fè fas ak tout konplikasyon ki ta ka rive. Mwen pran tout risk ak tout move konsekans ki sa soti nan tès sa. Yo eksplike m tout avantaj ak tout danje, e mwen konprann. Mwen li fraz anwo yo, mwen konprann yo, e mwen aksepte egzamen an jan yo di l la.

Da \_\_\_\_ lè: \_\_\_\_ AM I PM

Temwen: \_\_\_\_\_

Mwen li tout detay tès la, ak tout konsekans li, bay malad la, oubyen moun ki gen dwa decide pou li, e li di li konprann e li dakò tès la.

Siyati doktè: \_\_\_\_\_ Lè: \_\_\_\_ AM/PM



Non \_\_\_\_\_ Dat ou fèt \_\_\_\_\_

### EGZAMEN SAN NAN VENN

Pou pèmèt doktè fè bon tretman pou mwen, mwen foure kòm nan you tès ki va mezire eta kè m ak sikilasyon san m. Doktè a va sèvi avèk enfòmasyon l jwenn, pou l ban m konsèy sou aktivite mwen ta vle mennen. Men anvan m al fè tès sa a, mwen te gen yon ti koze avèk doktè m, pou li te konnen si m pa gen okenn pwoblèm ki ta ka anpeche tès sa a fèt.

Lè tès la, y ap ban m yon piki nan venn pandan ven segonn pou ogmante batman kè m. Doktè a oubyen teknisyen li ap obsève pou m, tansyon m ak elektwokadyogram mwen. Pandan y ap fè tès sa a, kèk chanjman ka parèt nan kò m, kouwè tansyon ki pa nòmal, dezòd nan batmann kè, endispozisyon, etc. Y ap fè tout efò yo kapap pou konsekans sa yo pa two grav, nan byen egzamine malad la e nan byen obsève l pandan tès la. Yon teknisyen antrene ap toujou la pou fè fas ak nempòt ki sitiyaasyon dijans.

Tout rezilta yo jwenn, y ap gade yo sekrè, epi yo pap devwale l bay okenn lot moun si m pa ekri otorizasyon pou yo fè sa.

Mwen te byen li papye a, mwen konprann li, epi yo te byen reponn tout kesyon m te poze.

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Siyati malad la

\_\_\_\_\_  
Doktè sipèvize egzamen an

\_\_\_\_\_  
Temwen